



Aplike pou Mass HAF

Swiv etap yo anba anvan ou kòmanse aplikasyon pou Mass HAF.

Apre **30 Jen 2023**, Mass HAF p ap aksepte nouvo aplikasyon ankò.

Apati 1^{ye} Jiyè 2023, pwogram Asistans Rezidansyèl pou Fanmi an Tranzisyon (RAFT) ke eta finanse ap vin disponib pou pwopriyetè kay ki gen revni fèb ki gen risk pou sezi ipotèk. Lè sa a, pwopriyetè kay ki elijib yo ka aplike pou RAFT atravè **Pòtal Asistans pou Peman Lojman pou Ijans** Depatman Lojman ak Developman Kominotè.

Etap 1 ELIJIBLITE

Revize kondisyon elijiblite yo.

Èske ou satisfè tout kondisyon yo anba?

- ✓ Mwen posede AK abite nan yon kay yonsèl fanmi, kondo, oswa yon kay 2- 3- oswa 4- fanmi ki lokalize nan Massachusetts
- ✓ Mwen pèdi revni oswa depans pou m viv te ogmante nan oswa apre 21 Janvye 2020, akoz pandemi COVID-19.
- ✓ Mwen gen omwen 3 peman ipotèk ki anreta depi 21 janvye 2020.
- ✓ Mwen satisfè kondisyon revni 150% oswa pi ba nan revni medyàn zòn (AMI). Gade etap 2 pou tcheke kalifikasyon revni.

Etap 2 PRE-SELEKSYON

Ranpli kesyon pre-seleksyon an pou konfime ou kalifye epi ou satisfè kondisyon revni an.

Pre-seleksyon an disponib nan massmortgagehelp.org/prescreening

Etap 3 DOKIMAN YO

Si w kalifye pou aplike, kolekte dokiman ki nesesè yo epi prepare w pou w telechaje sou pòtal aplikasyon an sou entènèt. Si ou bezwen asistans pou telechaje dokiman yo, tanpri kontakte Ajans Konsèy pou Lojman (HCA) lokal ou a. Ou ka jwenn HCA lokal ou a nan massmortgagehelp.org/HCA

Yo ka mande w pou kèk lòt dokiman apre w fin soumèt. Tanpri sonje, menm si ou pa gen tout dokiman ki nesesè yo, ou ka toujou kalifye pou pwogram nan.



Identifikasiyon Valab

Youn nan bagay sa yo:

- Lisans chofè oswa Kat Identifikasiyon Eta a
- Batistè Etazini
- Paspò ameriken
- DHS te bay dokiman imigrasyon yo



Relve ipotèk

Relve ipotèk ki pi resan ou an ki montre ou gen omwen 3 peman ki anreta



Prèv revni

Tout pretè ak ko-pretè sou ipotèk la ap bezwen bay prèv revni. Pou chak moun ki prete lajan, yo bezwen yon dokiman nan youn nan kategori ki anba yo.

Si w pap travay epi/oswa w ap resevwa asistans, bay **youn** nan bagay sa yo:

- Lèt benefis SNAP, TAFDC, EAEDC, SSI, oswa SSP
- Lèt kalifikasyon pou MassHealth
- Lèt benefis ki soti nan EEC
- Lèt benefis nan pwogram LIHEAP (asistans sèvis piblik)
- Dokiman chomaj ki soti nan MA DUA

Si w ap travay, bay **youn** nan bagay sa yo:

- Souch peman ki pi resan ak salè pou jiska dat
- De dènye relve labank ki montre depo revni

Si w se yon **travayè endependan**, bay **youn** nan bagay sa yo:

- De dènye deklarasyon labank ki montre depo revni
- Dènye deklarasyon pwofiti/pèt ki te siyen ak dat chak trimès oswa ane jiska dat (minimòm 3 mwa)
- Deklarasyon taks siyen (IRS 1040)
- Siyen deklarasyon taks biznis


Lòt Enfòmasyon pou Prepare

- ✓ Èske gen lòt moun ki prete sou ipotèk ou a? Tout pretè ak ko-pretè yo pral mande pou yo bay yon Nimewo Sekirite Sosyal (SSN) oswa Nimewo Idantifikasiyon Endividiyèl Taxpayer (ITIN).
- ✓ Lòt pretè/ko-pretè ap bezwen siyen yon fòm Otorizasyon Twazyèm Pati (TPA) epi. Yo ka siyen li elektwonikman.



Kòmanse yon Aplikasyon

1. Ale nan [massmortgagehelp.org](http://massmortgagehelp.org/apply) epi klike "Aplike Kounye a." Apresa, klike "Anrejistre."



2. Kreye yon kont lè w antre adrès imèl ou ak yon modpas.
Konekte sa a (imèl ak modpas) ap pèmèt ou retounen ranpli aplikasyon w lan epi tcheke estati aplikasyon w lan.
3. Apre w fin anrejistre, y ap voye yon kòd yon sèl fwa nan imèl ou pou w ka verifye kont ou.
4. Mizajou sou aplikasyon w lan ap soti nan adrès imèl mass-mortgagehelp@mhp.net epi ale nan adrès imèl ou te bay la.
Asire ou ke ou tcheke katab Spam oswa Junk ou a.

Lòt Lang: Aplikasyon an disponib nan plizyè lang. Ou ka chwazi lang ou nan kwen anwo adwat aplikasyon an.



Èd avèk Aplikasyon w lan

Pou jwenn enfòmasyon jeneral sou Mass HAF oswa mizajou sou sitiyasyon aplikasyon w lan, rele Sant Apèl HAF nan (833) 270 – 2953, Lendi-Vandredi, 10 a.m. – 8 p.m. Gen sèvis entèprèt ki disponib. Pou sèvis TTY, rele 711 nan Massachusetts.

Si oumenm oswa yon moun ou konnen ap eksperimente yon kriz sante mantal ak/oswa panse swisid, **tanpri rele oswa voye tèks 988**, ki se nimewo nasyonal swisid ak kriz. 988 Suicide & Crisis Lifeline disponib 24 sou 24, 7 jou sou 7. Ou ka jwenn aksè tou nan fonksyon chat sou sit entènèt la: <https://988lifeline.org/contact-the-lifeline/>.

Si w ap chèche pwofesyonèl kalife pou evalyasyon sante mantal ak/oswa referans sante mantal, tanpri kontakte Liy Asistans Sante Konpòtman Massachusetts la lè w rele oswa voye tèks nan 833-773-2445 (BHHL). Liy èd la disponib 24 èdtan pa jou, 7 jou sou 7. Ou ka jwenn aksè tou nan fonksyon chat sou sit entènèt la:
<https://www.masshelpline.com/contact/#>